

Byenvini nan ane lekòl 2023-24 la!

Ete sa a, administratè, edikatè, ak anplwaye Stamford Public Schools te travay di pou asire ke elèv yo ak fanmi yo benefisyè de meye pratik edikatif, apwòch ak opòtinite aprantisaj pandan ane lekòl sa a. Nou trè kontan pou travay ki te akonpli epi ak nouvo pwogram nou ap prezante yo, mwen vle mete aksan sou kèk nan yo:

- Elèv matènèl nan tout 13 lekòl primè yo ap kòmanse ane lekòl la ak nouvo pwogram alfabetizasyon sikonskripsyon a, Content Knowledge Language Arts (CKLA). Pwogram lekti kaptivan ak anpil kontni sa a apiye li sou apwòch aktyèl alfabetizasyon ki baze sou syans nou an nan ofri konesans rich, divès epi aktyalize ki kouvri tout matyè debaz yo—syans sosyal, syans, matematik, literati ak boza. Gen kaye egzèsis pou elèv yo, materyèl manipilasyon, ak lòt resous pou pwofesè yo pote nan salklas la pou konplete ak devlope ansèyman epi favorize diferansyasyon.

E sa a se sèlman kòmansman an! Pandan tout ane a, elèv ki nan klas 1ye a 5yèm ane pral ekspoze a nouvo pwogram lekti CKLA a, ak aplikasyon konplè nan klas 1y-2yèm ane nan otòn 2024 epi klas 3yèm a 5yèm ane nan otòn 2025.

- Pwofesè lekòl segondè nou yo te detèmine pou yo bay bon kalite pwogram detid pou tout kou prensipal yo—Matematik, Syans, ELA, Syans Sosyal ak Lang—pou otòn 2023 e se egzakteman sa yo te fè. Pandan ete a, pwofesè yo te travay pou yo te redije nouvo pwogram detid pou amelyore aprantisaj elèv yo, ranfòse angajman

yo, epi prepare elèv yo pou kompleksite ak atant lekòl segondè yo. Pwofesè lekòl segondè nou yo pare ei enpasyon pou pataje gwo travay sa a ak elèv yo.

- Stamford High School ap mete li o travay! Nouvo High School of Business sikonskripsyon an, yon pwogram [MBA Research & Curriculum Center](#), dezòmè louvri e li pare pou akeyi plis pase 40 elèv ki enskri nan dezyèm pwogram preparasyon pou inivèsite ak karyè distri a, ki konsantre sou biznis. Pandan ete a, sis pwofesè pwogram nan se te “elèv”, ki t ap fè eksperyans dirèk pwoblèm pwofesyonèl konkrè ak travay ki baze sou pwojè yo te ap tann de elèv yo pou otòn sa a. Pandan kat ane yo, elèv yo suiv sis kou pa semès, epi etid yo fini ak yon pwojè sentèz ki ensite yo pou kreye ak dirije pwòp biznis yo.

High School of Business se jis youn nan anpil nouvo pwogram ak pakou pwofesyonèl ki disponib pou elèv lekòl segondè Stamford yo. Pou plis enfòmasyon, tcheke sitwèb nou an pou Pwogram Etid AITE ak Pwogram Etid Stamford High ak Westhill (“Stamford High and Westhill Program of Studies” ta dwe konekte ak [Pwogram Etid Lekòl Segondè 2023-2024: SHS/WHS](#)).

Nou ap prepare nou pou nou pase yon ekselan ane aprantisaj, kwasans, kominote, ak patenarya epi pataje plis nouvel sou aktivite aprantisaj ak aktivite andeyò pwogram detid k ap pase nan SPS nan pwochen nimewo The Quarterly!

Doktè Tamu Lucero
Sipèentandan
Stamford Public Schools



Doktè Tamu Lucero
Sipèentandan
Stamford Public Schools



Lekòl la ap kòmanse mèkredi 30 out



Make nan kalandriye nou! Premye jounen ane eskolè 2023-24 pou tout elèv ki nan klas soti Matènèl-12yèm ane se Mèkredi 30 Out. Gade orè rantrè chak lekòl sou [sit entènèt](#) nou an.

Kalandriye Sikonskripsyon an

anekse ak nimewo sa a nan Quaterly a epi li disponib pou telechaje sou sitwèb la.

Sware Pòt Louvri

Stamford Public Schools ap òganize Sware Pòt Louvri pou paran/titè rankontre pwofesè piti yo a epi pou konnen plis sou nivo klas yo ak atant nan klas yo, egzjans akademik yo, ak plis ankò.

Men Sware Pòt Louvri yo:

- Lekòl presegondè: 19 septanm
- Lekòl segondè: 21 septanm
- Lekòl Elemantè: 28 septanm

Direktè bilding yo pral pataje enfòmasyon sou Sware Pòt Louvri a nan kòmansman mwa septanm nan. Tanpri sonje, Sware Pòt Louvri se pou paran ak titè yo. Pou w ka benefisye plis de evènman sa a, tanpri fè aranjman pou gadri pou timoun ki pi piti yo.

Fwa Ansèyman Siperyè ak Oryantasyon Vil la ap fèt 10 Oktòb

Fwa Anyèl Ansèyman Siperyè ak Karyè Vil la ap fèt **Jedi 19 oktòb ant 6:30 ak 8:30 pm nan Stamford High School**. Reprezantan etablisman ansèyman siperyè de ak kat ane (piblik ak prive), lekòl komès ak Fòmasyon pwofesyonèl, founisè sèvis ki lye ak ansèyman siperyè, ak lame a pral patisipe. Fanmi yo ka jwenn enfòmasyon tou sou pwosesis èd finansye a.

Stamford Public Schools patwone evènman sa a epi li ouvri pou elèv lekòl segondè AITE, Stamford High, ak Westhill. Pa rate opòtinite sa a pou eksplòre pposibilite edikasyon apre lekòl segondè.

Matènèl, 6yèm & 9yèm ane Oryantasyon ap fèt 29 out



Oryantasyon pou elèv k ap antre nan klas matènèl, sizyèm ak nevyèm ane se madi 29 out. Direktè yo ap pataje orè oryantasyon ak fanmi yo semèn 21 out la.

Elèv matènèl ki kalifye pou transpò nan otobis yo ka monte otobis la pou yo ale nan oryantasyon ak paran yo madi 29 out.



Café con la Super Ap retounen pou Otòn sa a

Café con la Super - Seri Konvèsasyon Kominotè an pèsòn

nan Distri a - ap rekòmanse lendi 18 septanm nan Stamford Government Center (kafeterya 4yèm etaj). Yo envite paran yo rejwenn Doktè Lucero pou pataje lide, preyokipasyon, epi angaje yo nan konvèsasyon ki anime. Café con la Super pwograme pou 7:30 am ak 6:30 pm nan dat 18 septanm, 23 oktòb, 6 novanm ak 11 desanm. Tradiksyon an Anglè disponib. Pakin Government Center la gratis epi [wout Otobis](#) 331, 341, 971 pase toupres oswa devan Government Center a.

Chanjman Administratif

Te gen yon kantite chanjman administratif atravè Sikonskripsyon an depi nan fen ane lekòl 2022-23 a. Tanpri rejwenn nou pou felisite moun sa yo pou nouvo fonksyon yo nan Stamford Public Schools:

- Amy Beldotti, Responsab Akademik
- Angela Asaro, Sipèentandan Adjwen Pwovizwa pou Rechèch ak Règleman
- Jaimie Fisco, Direktè K.T. Murphy Elementary School
- Sherri Prendergast, Direktè Turn at River Middle School
- Kathleen Kelley, Direktè Pwovizwa nan Stillmeadow Elementary School
- Robert Biko, Asistan Direktè nan Rippowam Middle School
- Rafael Escobar, Direktè Adjwen nan Turn of River Middle School
- Amparo Fabre, Direktè Adjwen nan Westhill High School
- Melissa Fano-Dropick, Direktè Adjwen Pwovizwa nan Davenport Ridge Elementary School
- Brendan Fox, Direktè Adjwen

nan K.T. Murphy Elementary School

- Charles Langworth, Direktè Adjwen, Rippowam Middle School

Sipèvizyon lekòl primè, pre-segondè ak segondè yo te reyòganize tou pou ane lekòl 2023-24 la konsa:

Doktè Michael Fernandes, Sipèentandan Asosye, Sipò Elèv: Lekòl Segondè

Doktè Lori Rhodes, Sipèentandan Asosye, Aksè ak Opòtinite: De Matènèl a 8yèm ane ak Lekòl Segondè

Angela Asaro, Sipèentandan Adjwen Pwovizwa, Rechèch ak Règleman: Lekòl soti nan Matènèl rive nan 5yèm ane

Plis pase 3,000 Elèv patisipe nan Lekòl Ete

Stamford Public Schools te ofri yon pwogram Lekòl Ete pou elèv soti matènèl rive 12yèm ane nan sèt lokal atravè sikonskripsyon an. Plis pase 3,000 elèv te patisipe nan pwogram nan, ki te ofri sipò akademik nan ELA ak matematik pou elèv nan klas soti matènèl rive nan 8yèm ane, rekipasyon kredi pou elèv nan klas soti 9yèm ane rive 12yèm ane, ak yon pwogram pou Nouvo Arivan yo pou yo akeri lang Angle a.

Yon gwo mès a 289 pwofesè sètifye ki te anseye nan lekòl ete ane sa a. Pwogram Lekòl Ete a pa t ap posib san sèvis devwe yo a.

Mizajou pou Rekriman

Nou kontan pataje SPS te konble 125 pòs pwofesè ki sètifye ekivalan aplentan pou ane lekòl

2023-24 nan dat 3 out. Distri a te kòmanse pwosesis rekritman an bonè nan sezon prentan 2023 ak prèske 180 pòs vid ki prevwa akòz retrèt, demenajman, ak transfè nan sikonskripsyon an. Jiska 3 out, pousantaj pòs ki disponib pou pwofesè sikonskripsyon an te jis pi ba pase mwayèn nasyonal la 4 pousan.

Nou kontan akeyi nouvo pwofesè sa yo nan Stamford Public Schools pandan Oryantasyon Nouvo Pwofesè 22-23 Out.

PowerSchool Parent Portal

PowerSchool Parent Portal se kote paran ak titè yo jwenn enfòmasyon enpòtan sou Stamford Public Schools ki gen ladan afektasyon salklas/pwofesè, afektasyon otobis, done prezans chak jou, kanè, ak plis ankò.

Paran ak titè ki nouvo nan Stamford Public Schools yo ta dwe kreye yon Kont Pòtal Paran PowerSchool. Yo ka prezante enfòmasyon ki nan Pòtal Paran PowerSchool la nan plizyè douzèn lang nan pou reponn ak bezwen laplifa fanmi yo.

Itilizatè PowerSchool Parent Portal aktyèl yo ta dwe mete enfòmasyon kontak yo ajou, si sa nesèsè, pou ane lekòl k ap vini an. Lekòl yo itilize enfòmasyon ki nan PowerSchool pou kontakte fanmi yo pa telefòn, imèl, ak tèks.

Paran yo kapab jwenn aksè nan pòtal la tou sou aparèy mobil yo lè yo telechaje Aplikasyon PowerSchool pou iPhone ak android.

Si w bezwen èd pou kreye yon kont oswa pou w jwenn aksè nan PowerSchool Parent Portal, kontakte lekòl pitit ou a.

Enfòmasyon sou otobis la ap vini byento!

Afektasyon otobis yo pral afiche nan PowerSchool pa pita pase Lendi 28 Out.

Telechaje aplikasyon FirstView pou swiv bis pitit ou a (yo) an tan reyèl. Enfòmasyon sou aplikasyon FirstView a disponib sou [sit entènèt](#) nou an.

Tanpri rapke pitit ou a ke bis la se yon ekstansyon bilding lekòl yo. Move kondwit nan otobis lekòl yo ap antrene mezi disiplinè. Elèv yo ak fanmi yo ta dwe egzamine atant nan kesyon konpòtman elèv ki dekri nan Manyèl elèv lekòl yo a.

Nouvo Lejislasyon ki Afekte SPS

Sesyon lejislatif ki fenk fini nan Hartford la pral gen repèkasyon pou lekòl piblik yo nan tout eta a, e menm isit la nan Stamford. An patikilye, elèv k ap antre nan Matènèl pou ane lekòl 2024-25 la ap bezwen gen senkan nan dat 1ye septanm 2024 oswa anvan pou yo ka elijib otomatikman pou Matènèl. Anplis, Deklarasyon Dwa Paran yo egzije distri lekòl piblik yo pou yo mete sèvis tradiksyon yo disponib pou paran yo nan lang yo prefere a.

Doktè Lucero te abòde tou de kesyon sa yo nan edisyon 11 Out Mesaj Sipèntandan an, ki ka vizyalize sou [sitwèb](#) SPS la.



Vizite SPS nan Stamford Downtown Farmers Market



Asire w ke ou rejwenn SPS nan Stamford Downtown Farmers Market chak Samdi soti 9è am rive 1è pm jiska 28 oktòb. Nou renmen rankontre tout manm sa yo nan kominote a epi pataje enfòmasyon sou Stamford Public Schools.

Chak semèn a 10:30 am, SPS òganize yon lè pou istwa pou timoun ak liv pèsònèl Ferguson Library yo chwazi. Yon remèsiman espesyal pou Reprezantan Eta David Michel, Tom O'Dea, ak Matt Blumenthal; Pwofesè Newfield Alix Mesa; konseye lekòl la Dena Booker de Biwo SPS pou Fanmi ak Angajman Kominotè; epi Liz McKay nan Bibliyotèk Ferguson poutèt yo pataje lanmou yo genyen pou lekti ak pi piti manm kominote nou yo.

Tanpri al gade nan ankadre a pou konnen rès Orè pou istwa nan mache kiltivatè a.

ORÈ POU ISTWA NAN MACHE KILTIVATÈ A:

19 Out

State Representative
Corey Paris

26 Out

Lindsay Wyman, Executive
Director of Stamford Public
Education Foundation

2 Septanm

No Storytime / Labor Day
Weekend

9 Septanm

Dr. Reverend Ford; Faith
Tabernacle Missionary Baptist
Church

16 Septanm

State Senator Pat Billie Miller &
SPS Teacher of the Year,
Elba Sims

23 Septanm

Mayor Caroline Simmons

30 Septanm

State Representative Rachel
Khanna

7 Oktòb

TBA

14 Oktòb

TBA

21 Oktòb

State Senator Ryan Fazio

28 Oktòb

SPS Superintendent
Dr. Tamu Lucero

Mèsi paske ou te li. Vizite [sitwèb](#) nou an pou plis enfòmasyon sou Stamford Public Schools epi klike [la a](#) pou w ka abòne nan Mesaj chak semèn Sipèntandan, SPS Trimestriyèl, ak lòt avi ki soti nan Stamford Public Schools.



Stamford Public Schools Calendar 2023-2024

(Adopted 01/24/2023)

Note: Calendar is subject to change pending unforeseen circumstances.

July						
Sun	Mon	Tue	Wed	Thu	Fri	Sat
						1
2	3	4	5	6	7	8
9	10	11	12	13	14	15
16	17	18	19	20	21	22
23	24	25	26	27	28	29
30	31					

August (2 Days)						
Sun	Mon	Tue	Wed	Thu	Fri	Sat
		1	2	3	4	5
6	7	8	9	10	11	12
13	14	15	16	17	18	19
20	21	22	23	24	25	26
27	28	29	30	31		

September (19 Days)						
Sun	Mon	Tue	Wed	Thu	Fri	Sat
					1	2
3	4	5	6	7	8	9
10	11	12	13	14	15	16
17	18	19	20	21	22	23
24	25	26	27	28	29	30

October (21 Days)						
Sun	Mon	Tue	Wed	Thu	Fri	Sat
1	2	3	4	5	6	7
8	9	10	11	12	13	14
15	16	17	18	19	20	21
22	23	24	25	26	27	28
29	30	31				

Aug. 22-23: New teacher orientation
 Aug. 24: Convocation & school-based PD
 Aug. 25: Mandated Training / Classroom Prep
 Aug. 28: District PD
 Aug. 29: K, 6, 9 orientation & school-based PD
 Aug. 30: First Day of School students

Sept. 4: Labor Day, no school
 Sept. 16-17: Rosh Hashanah
 Sept. 19: Open House - Middle School
 Sept. 21: Open House - High School
 Sept. 25: Yom Kippur, no school
 Sept. 27: Early release - school-based PD
 Sept. 28: Open House - Elementary School

October 9: Columbus Day, no school
 October 25: Early Release - school-based PD

November (18 Days)						
Sun	Mon	Tue	Wed	Thu	Fri	Sat
			1	2	3	4
5	6	7	8	9	10	11
12	13	14	15	16	17	18
19	20	21	22	23	24	25
26	27	28	29	30		

December (16 Days)						
Sun	Mon	Tue	Wed	Thu	Fri	Sat
					1	2
3	4	5	6	7	8	9
10	11	12	13	14	15	16
17	18	19	20	21	22	23
24	25	26	27	28	29	30
31						

January (21 Days)						
Sun	Mon	Tue	Wed	Thu	Fri	Sat
	1	2	3	4	5	6
7	8	9	10	11	12	13
14	15	16	17	18	19	20
21	22	23	24	25	26	27
28	29	30	31			

February (18 Days)						
Sun	Mon	Tue	Wed	Thu	Fri	Sat
				1	2	3
4	5	6	7	8	9	10
11	12	13	14	15	16	17
18	19	20	21	22	23	24
25	26	27	28	29		

Nov. 7: Election Day, no school students, PD
 Nov. 10: Veterans Day, no school
 Nov. 22: All Early Release
 Nov. 23-24: Thanksgiving recess, no school

Dec. 13-15 All District - Early Release/Conferences
 Dec. 22: Early Release, all
 Dec. 25: Christmas Day, no school
 Dec. 26-29: Winter Recess, no school

Jan 1: New Years Day, no school
 Jan. 15: MLK Day, no school
 Jan. 31: Early Release - school-based PD

Feb. 16: February break, no school
 Feb. 19: Presidents' Day, no school
 Feb. 20: February break, no school
 Feb. 28: Early Release - school-based PD

March (20 Days)						
Sun	Mon	Tue	Wed	Thu	Fri	Sat
					1	2
3	4	5	6	7	8	9
10	11	12	13	14	15	16
17	18	19	20	21	22	23
24	25	26	27	28	29	30
31						

April (16 Days)						
Sun	Mon	Tue	Wed	Thu	Fri	Sat
	1	2	3	4	5	6
7	8	9	10	11	12	13
14	15	16	17	18	19	20
21	22	23	24	25	26	27
28	29	30				

May (22 Days)						
Sun	Mon	Tue	Wed	Thu	Fri	Sat
			1	2	3	4
5	6	7	8	9	10	11
12	13	14	15	16	17	18
19	20	21	22	23	24	25
26	27	28	29	30	31	

June (8 Days)						
Sun	Mon	Tue	Wed	Thu	Fri	Sat
						1
2	3	4	5	6	7	8
9	10	11	12	13	14	15
16	17	18	19	20	21	22
23	24	25	26	27	28	29
30						

March 20-22: All District - Early Release/Conferences
 March 27: Early Release - school-based PD
 March 29: Good Friday, no school

April 10: Eid al-Fitr, no school
 April 15-19: Spring Recess, no school

May 22: Early Release - school-based PD
 May 27: Memorial Day, no school

June 10-11: Tentative* early release, students
 June 12: Tentative* early release, last day all
 June 19: Juneteenth

Legend:

- No school students, staff
- Early release
- First day/last day of school
- K, 6, 9 orientation
- Open school night
- Staff only

*Any inclement weather days will be added to the end of the school year.
 This calendar has 181 student days and 186 staff days scheduled.

OTHER RELIGIOUS & CULTURAL HOLIDAYS

Nov. 12: Diwali	Feb. 10: Lunar New Year	Apr. 22-30: Passover
Dec. 7-15: Hanukkah	Feb. 14: Ash Wednesday	May 5: Orthodox Easter
Dec. 26-Jan. 1: Kwanzaa	Mar. 10: Ramadan begins	June 16: Eid al-Adha
Jan. 6: Three Kings Day	Mar. 31: Easter	July 4: Independence Day